

# PLAN: Mattapan

## Fwa Resous Vil Mattapan

### Date

---

9 Fevriye 2019

PLAN: Mattapan se yon resous planifikasyon ki fasilite pa Ajans Devlopman ak Planifikasyon Boston [Boston Planning & Development Agency (BPDA)], an kolaborasyon avèk lòt depatman yo nan Vil la.

### When

---

12:00 - 2:00 PM

Rejwenn vwazen ou yo nan PLAN an: Fwa Resous Vil Mattapan. Atravè premye de PLAN yo: Atelye travay Mattapan, nou te tande ke rezidan yo te vle pi byen konekte avèk resous yo ki gen nan vil la. Fwa resous sa a se youn nan plizyè opòtinite pou konekte avèk pwogram ki egziste deja, resous, ak sipò ke depatman sa yo bay. Vini tande dènye enfòmasyon ki soti nan BPDA ak lòt depatman yo nan Vil la sou travay kontinyèl yo nan Mattapan epi aprann sou resous Vil la ki disponib pou ou ansanm avèk kominote w la.

### Where

---

37 Babson Street  
KIPP Academy Boston  
Kafeterya  
Mattapan, MA 02126

Fwa a pral kòmanse avèk yon prezantasyon kout BPDA avèk mizajou nan de atelye travay kominotè yo. Pral gen tou yon opòtinite pou kesyon ak kòmantè antanke yon gwo gwoup. Rès tan pral angaje pou pèmèt manm yo nan kominote a konekte avèk depatman yo nan vil la ki prezan. Reprezantan yo ki pral patisipe nan travay sou kesyon yo ki gen rapò avèk lojman, devlopman mendèv, transpòtasyon, ar & kilti, ak espas lib. Ou ka jwenn yon lis konplè depatman kap patisipe yo sou sitwèb nou an: <http://bit.ly/PlanMattapan>

### Social Media

---

[bit.ly/planmattapan](http://bit.ly/planmattapan)  
[bostonplans.org](http://bostonplans.org)  
[@bostonplans](https://twitter.com/bostonplans)  
[#bostonplans](https://hashtagger.com/#bostonplans)

Yap sèvi rafreschisman leje. Sèvis entèpretasyon ak materyèl tradwi pral disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak Panyòl.

### Contact

---

Müge Ündemir  
Senior Planner  
(617) 918-4488  
[mugzy.undemir@boston.gov](mailto:mugzy.undemir@boston.gov)